ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЫСАЛЪ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№70 (21.978) ● 2011 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

IутIыж Лъапlэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ, апхуэдэу си щхьэкIэ сэ къызбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и православиз христэн псоми си гуапэу сохъуэхъу IутIыж Лъапlэм и махуэшхуэмкIэ.

Православием цIыхур гурыщIэкIэ къулей зыщI къаруушхуэ бгъэдэлъщ. ЦIыхум, гражданиным фIыгъуэ иIэным дытелажьэн папщIэ дэ псоми ди кIалэнщ гурыщIэ лъагэкIэ къыдэзыт, цIыхухэм я зэпIэзэрытыныгъэр къызэзыгъэпэщ жылагъуэ зэтегъэуэвэным тхуэзфIэкI псори хэтщIыхьыну. Щэч кьытесхьэркъым а мурад лъапlэр кьидэхъулIэныжьмкIэ ди зэдэлажьэныгъэр лъабжьэ иэсу зэрыувынум, ди зэщIыгуу зэфIэдгъэкI псори Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ жылагъуэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным хуэунэтIауэ зэрыщытынум.

Нобэрей махуэ лъапlэм православиз христэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и псоми сохъуэхъу уэзыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну.

IутIыж Лъапlэр псоми ди дежкIэ гуфIэгъуэгъу, мамыру щрет, абы ди псэм фIещхьныгъэ. лъагъэныгъэ, гугъапlэ къыхрелъхьэ.

● Къэрал къулыкъущIапlэхэм

Урысейм и экономикэм дежкIэ Тырныауз къыпэхъун щыIэкъым

Къанокъуэ Арсен и псалъэ.

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен мэлыжьыхьым и 21-м Правительствэм и Унэм щригъэжьIащ Тырныауз бгы-щагъэбат э юмбинатыр зэфIэгъэувэжьным елэжь гупым хэтхэм я зэIущIэ. Абы щрихьэлIащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэу Варшавский Вадим, Гасанов Жамал, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван, абы и и я кIэ къуэдзэм и кIалэнхэр зыгъэзащIэ Абрэдж Iэдиб, Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ Жамборэ Владимир, Iуэхур зэгъэщIылIа министерствэхэм я нэхьыжьхэр, нэгъуэщI щыпIэхэм щыщ IэщагъэлI Iэзэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыщхьэм нэгъабэ пщэрыльрыл ящищIауэ щытащ. Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр и лъабжьэу, республикэм бгы-металлург комплексым зэрызыщиужьыным теухуа концепцэ ягъэхьэзырыну. КъБР-м ПромышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министерствэм, зытращIыхьа пlалъэм къытIасу, а лэжьыгъэр зэфIигъэкIащ. Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и кIалэнхэр зыгъэзащIэ Уянаев Казым кIыхьигъэщащ ящхуэну я мурад бгы-металлургкомплексым ефIэкIыныгъэшхуэ зэриIэнур. Абы хэтыныщ сырьем нэгъэсауэ елэжьыну предприятэ зыбжанэ. Апхуэдэщ вольфрам ангидридхэр, молибден концентратхэр, ферросплавхэр, зэхэгъэжьа пкыыгъуэ быдэ хэхахэр, ухуэныгъэм кIыщIагъэсэбэп мывэ хьэжахэр. Дэтхэнэми кIыщIахь улахуэр сом мин 25-м и кIэ ящIыхуэу Iэнатlэщlэу 700 къызэрагъэпэщынщ. Ухуэныгъэм инвестицэу сом меларди 7 уоэз. Ирагъажьэмэ, ар илъэсиплIрэ ныкъуэм, кIыхьуэлажьыжьынщ. Уянаев Казым зэрыжиIамкIэ, Тырныауз бгыщагъэбатэ комбинатыр егъэжьэжьным и Iуэхум хэтыну зи мурад инвестори 7-м иужьрей илъэсхэм республикэм и Правительствэм зыкъыхуагъэзащ. Иджы Къэрал Думэм и депутатхэм кIыздашащ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэль «Урысей бгы-руда компание»-м и лIыкIуэхэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *триращ.*

● КъБР-м и Правительствэм

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм щыпашэхэм ящыщщ

КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэм финансхэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Бышэн Азрэт нэгъабэ республикэм и бюджетыр кьызэрехьулIам и Iуэхукlэ республикэ законым и проектым тетхуэауэ щишIа докладым зэрыщыжиIамкIэ, 2010 гъэм республикэ бюджетым и хъуэр псори сом мелард 19-рэ мелуан 894-рэ мин 835-рэ хъуэу щытащ. Бюджетым и хэщIэр сом мелард 20-рэ мелуан 586-рэ мин 535,4-рэ мэхъу. А щыкIэм тету республикэ бюджетым хуримыкъуар сом мелуан 691-рэ мин 700,4-рэщ, а бжыгъэр сом 1 мелард-рэ мелуан 307-рэ мин 683,5-м нэсыну къальытэгъу щыта пэтми.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIуэцI щыхуэр 2011 гъэм щыщIыщIэм и 1-м ирихьэлIэу сом 1 мелард-рэ мелуан 554-рэ мин 92-рэ хъуэу къабжащ. Ауэ абы хагъэхьащ бюджет щIыхуэри. Апхуэдэу республикэм илъэс кIуам и дыгъэгъазэ мазэм сом мелард 1,2-рэ кIыщтати, дыззрыт илъэсым и япэ мазэм япщыныкащ. А щыкIэм тету, къэрал кIуэцI щыхуэр инэжьыпIэкIэ зэрыхъур сом мелуан 354-щ.

ФинансхэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэм и докладым щытепсэльыхьым, япэ вице-премьер Абрэдж Iэдиб къыхигъэщащ республикэм и бюджетыр дотащэм зэрельытар процент 48,7-м нэсу ирагъэзыр зэрахуэзфIэкIар. Къэпсэлъэм зэрыжиIамкIэ, УФ-м Къэзыбж и палатэм мытэмэму къильытащ аукционхэмрэ сату зэпеуэжьмрэ хэтхэм сакъыдэту кьыдах ахъщэр бюджетым зэрыхахьхьэр. Абы папщIэ счёт щхьжуэ кьыдэзыухьым хуеиц. Апхуэдэу ящIауэ щытамэ, бюджетыр дотащэм зэрельытар нэхъ мащIэжу - процент 46,2-рэ хуэдизу щытынут.

Зэрыщыту бюджетым и гугъу щишIым, Абрэдж Iэдиб къыхигъэщхьэхуэкIащ идкыпсту абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щыпашэ щIынальытхэм зэрыхиубыдэр. Абы къыхэкIыу КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къигъэуваз щыта кIалэныр - 2012 гъэм республикэ бюджетым ахъщэ хущIыкIыпlэ зэтегъэуэвэныр - зэфIэкIыну уцIыгуфь хуунущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● IэнатIэщIэ

Илъэс къэс джэджьей мелуан 18

Прохладнэ куейм хьыхь Благовещенскэ щуажьм «Бахъсэн-Бройлер» Iуэхущlапlэр щаутIыпщащ.

- РЕСПУБЛИКЭМ и социально-экономикэ зыужьыныгъэр ефIэкIуэн папщIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху дахэм нобэ зыкъ ирезыгъэхьэлIахэм фIэхъус гуапэ фызох. Мы предприятэр ухуэнымрэ абы и лэжьыгъэр зэтеуэвэнымрэ зи гущIэ хэль дэтхэнэми узынщагъэ, насып, екъулIэныгъэ фIэнэу сыныбо хьэжьэу. «Бахъсэн-Бройлер» агрогупым псынщIэу зиужьыну ди гуапэщ, - жиIащ апэ псалъэр зыльгъэса, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Гертер Иван**. - Мыпхуэдэ Iуэхущlапlэхэр нэхьыбэу кьызэIутхыхукIэ, щIэныгъэ зиIэ ди щIалэгъуалэм я щIэупщIэмэ хэхьэнущ. Хамэ къэрал ерыскьыхэкI кьидмышу дэ абы делэжьыжьну игъуэ хьуащ, сыту жыпIэмэ, а Iуэхуэхэм фIыуэ дыщыгъуазэщи. Цыхуэхэр лэжьыгъэкIэ кьызэрэзэпэщыныр, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэгъэхъуэныр ди кIалэнкIэ кьызэрыхьэхэм ящыщщ. Сыт щыгъ уи зэрэдэу, ахэр зэрыдгъэзэщIэным дыхуэщIэкIынущ.

Гертер и псалъэм кьыхигъащащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм щылажьэ предприятэхэм я Iуэхур кIуэтэн папщIэ дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхьур.

- Ди хьэщIэ лъапlэхэ, нобэрей гуфIэгъэр зыщIидгъэкIытыну, «Бахъсэн-Бройлер» агрогупым ди екъулIэныгъэ хэр кьыддэвгу эшыну, дыфгъэгушхуэну фыкьыщIэрытхуебгъэгъам щхьэкIэ фIыщIэ фхудощ. Апхуэдэу псалъэ гуапэ яхуэфащащ мы проектыр гъэзэщIэныжьмкIэ дэIэпыкъуэгъуэхуэ я кьытхуэхуэ я КъБР-м и Правительствэм, «Урысейм и хьэматIэ банк» ОАО-м, си лэжьэгъуэхэм, - жиIащ «Бахъсэн-Бройлер» агрогупым и унафэщI **Мустэфар Мэжид**. - Мы Iуэхущlапlэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ дуней псом щыIэкIуэ «Hatch-tech» иужьрей Iэмэпсымэщ Iэуэдэ щыдгъэуващ. Предприятэр IэщагъэлlэжьмкIэ дыхэхуроку. Абыхэм я игъэсэнущ дяпэкIэ кьыхтыхьэну лэжьакIуэхэр. Дэ дыхущIэкъунущ кьыщIэдгъэкIынум фIагъэ щIэупщIэр зэрилъэнум.

Мустэфар Мэжид «Бахъсэн-Бройлер» агрогупыр лажьэу утIыпщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хьуа Абрэдж Хьэсанш, Шорэ Асльэн, Пщыщlыкlу Мухьэмэ д, ГъукIэ Алий, Мэтай Анзор сымэ, нэгъуэщIхэми ахьшэ саугъэтхэмкIэ яхуэупсащ.

Адэжь Гертер Иван Iуэхущlапlэм и социально-экономикэ щIэныгъэм и Iэтащхьэм и кIалэнхэр зыгъэзащIэ **Василенко Александрэ** кьызэхуэсахэм я Iэгуауэм щIэту лентI плыжьыщ зэпаупщIа нэужь, зэхьыхьэм кьрихьэлIахэм Iуэхущlапlэм зыщIапlыхьащ.

Агроупым ихуэм и проектыр Голландиемрэ Урысеймрэ яйщ. Абы щIагъуэв «Hatch-tech» Iэмэпсымэхэр фы дыдэхэщ икIи электрокъаруэу, газ у, псыуэ кьагъэсэбэпlар ягъэмащIу. Проектыр гъэзэщIэным сом мелуан 200-м нэблагъэ текIуэщащ. Абы щыщу сом мелуани 100-р «Урысейм и хъуматIэ банк» ОАО-м, адрейр езы Iуэхущlапlэм и мылькущ. Ар илъэсым и кIуэцIкIэ предприятэм кьилэжьыжьынущ. Инкубаторым щIыхуэ 45-м нэс лэжьыгъэкIэ кьызэригъэпэщащ, джэдэщым щIыхуэ 80-м нэблагъэм IэнатIэ щагъуэтащ. Абыхэм ику ит я мазэ улахуэр сом мин 20-м и кIэ кьэзэдэунущым.

Инкубаторым ирагъэжьащ джэдыкIэр Бахъсэн районым щыIэ «Бахъсэн-Бройлер» агрогупым яретри, махуэ 21-кIэ джэджьейр кьрешI. Благовещенскэ жылагъуэм щаухъам ильэсым джэджьей мелуан 18 кьыщрагъэшынущ, джэдыпу тонн мин 36-р щагъэсыжьырынущ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым кьищынэмыщIауэ, Ставрополь, Краснодар крайхэм щащэнущ. Iуэхущlапlэм и унафэщым Зэкъошныгъэ Iамлэ, а псор зыщхэунри яIэщ. Мустэфар Мэжид кьыхигъэщащ дызыкъуэкIуэ мазитIым джэдэщыщIэхэр яхуэху Iуэхущlапlэм зрагъэубгъуэну зэрамурадыр. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым кьищынэмыщIауэ, Ставрополь, Краснодар крайхэм щащэнущ. Iуэхущlапlэм и унафэщым Зэкъошныгъэ Iамлэ, а псор зыщхэунри яIэщ. Мустэфар Мэжид кьыхигъэщащ дызыкъуэкIуэ мазитIым джэдэщыщIэхэр яхуэху Iуэхущlапlэм зрагъэубгъуэну зэрамурадыр. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым кьищынэмыщIауэ, Ставрополь, Краснодар крайхэм щащэнущ. Iуэхущlапlэм и унафэщым Зэкъошныгъэ Iамлэ, а псор зыщхэунри яIэщ. Мустэфар Мэжид кьыхигъэщащ дызыкъуэкIуэ мазитIым джэдэщыщIэхэр яхуэху Iуэхущlапlэм зрагъэубгъуэну зэрамурадыр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Гъуазджэ

Ди лъахэм фильм щытрах

Тырку телевиденэм и «TRT» япэ каналым и дежьащIуэхэр иджыблагъэ Налшык къакIуэри фильм щытрахащ. «Маскъэр. Iепльэхэр. Лъэпкъэхэр» зи фIэщыгъэщIэ нэтыпхэм ящыщ зыуэ къагъэлъэгъуэнущ ди Iыналъэм щытрахахэри.

РЕЖИССЕР Бозкъурт Алъпасльэнрэ оператор Бозкъурт Муратрэ адыгэ лъэпкъ гъуэзджэм теухуауэ ягъэхьэзырэ фильмыр щытрахащ Къармэхьэблэ, Дзэлыкъуэжьуажэ, Лашынкерт, Налшык. Абы щыпащэнущ Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Шапсыгъым.

Ильэс зыбжанэ хьауэ «TRT» каналым игъэхьэзыр а фильмым и сериехэм хьыхьэнущ Кавказ Ищхъэрэм щытрахыну фильмиплIри.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Иджыри зы зауэ

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритыжькIэ, Камбоджэмрэ Таиландымрэ я къэрал гуэнапlэхъумэхэм дыгъуасэ Iэщэкlэ зэхэуэн щIадзащ. Сыхьэт зыбжанэ дэкIа нэужь, абыхэм къаугъэсэбэпын щIадзащ артиллериери.

А зауэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэр зэкIэ гурыIуэгъуэкъым. Дэтхэнэ лъэныкъуэми адрейр егъэжьаншэ, япэу Iэщэ зыгъэзыр арауэ жеIэри.

А зэхэуэхэр щекIуэкIыр VIII лIащIыгъуэм яуха Преах Вихеар индус члисэм километри 150-кIэ пэжьыжьэу аращ. Ар зейр яхуэхэмыгъэкIыу, къэралитIыр ильэхищ хьуауэ зоныкъуэкъу икIи а къауГъэр къыщIадзауэ щытащ цIыху 11 зыхэкIуэда, пщы бжыгъэхэр уIэгъэ щащIа апхуэдэ зэзауэкIэ. Мы зэми яуэзэрымыгъэуэщар а индус члисэр арауэ къальэтэ.

Преах Вихеар 2008 гъэм ЮНЕСКО-м хибжащ дунейпсо щэнхабзэ щIэинэм икIи ар щатхым члисэр Камбоджэм ейуэ къыщIрагъэдзащ. Ауэ абыкIэ Таиландыр арэзыкъым. А щIыпIэм деж къэралитIым я гъэнапlкъэхэр Iупщlу зэрыщамыбзыхуам къыхэкIыу, къельэтэ ар тIуми зэдайуэ.

НэгъуэщIу щамыдэм

Тыркум и къуэкIыпlэмкIи Истамбул зэпымыIуэ къаугъэ зэрыщекIуэкIыр къыдэтэри, Хэхакlуэ Совет Нэхъыщхьэм курд лъэпкъым къыхэкIахэр мы гъэм и мэкъуаугъэм екIуэкIыну парламент хэхыныгъэхэм кандидату хэтыну хуит зыщI унафэ къыщтащ.

«Си-Эн-Эн Тюрк» телеканалым къызэритыжьа, абы тегухуауэ иджыри къэс щIэ унафэр ямыдэу къыщыдзэрыIэтащ къэралым и къуэкIыпlэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ куейхэм - курдхэр зэхьэбзыр щыпсуэхэм. А щIыпIэхэм зэпымыуэ манифестацэхэр, пэкIуэхэр щокIуэкI. Иужьрей мазищым а зэхьыхьэхэр зэпыуэкъым, уэрам Iэпщэрыбанэм хуэмыкIуэу. А псоми мэкъуаугъуэм и 12-м екIуэкIыну хэхыныгъэхэр кьызэпаудынкIэ шынагъуэ хьуат. А кьауГъэр полицэмрэ дзэмрэ щагъэсабыркъым, зэкIуэдахэри уIэгъэхэри щыIэщ.

Щыуагъэ езэгъкъым

«Ассошиэйтед Пресс» хьыбарегъащIэ Iуэхущlапlэм зыщызэритыжькIэ, Японием и «Toyota Motor Corp» автокончерн лъэрыгъэхэм ища автомобилхэм ящыщу мин 300-м кърегъэгъэзэж, абыхэм шынагъэуэншагъэмкIэ я щхьэнтэм дагъуэ къэхуигъуэтауэ. Ар «RAV4», «Highander» автомобиль лIэужьыгъуэхэращ.

Концерным дагъуэ зыкъыхущIхэр зэпкъралъхьат 2007 - 2008 гъэхэм. Аэр псори зыщIэхуэр США-рац.

Иужьрей илъэсрэ ныкъуэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу «Тойота»-м апхуэдэу къыригъэзэжащ автомобиль мелуан 14-м щIигъум.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 23, щэбэт

♦Тхылъымрэавторымрэхуитныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ

♦ИлIэс 20 хуэщ Журналист союзхэм я дунейпсо конфедерацэ къызэрызэрагъэпэщащ.

♦ШэшэнРеспубликэм шэшэныбзэм и махуэр щагъэлъапlэ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритыжькIэ, нобэ уэшх мащIэ къёшхынущ, хуабэр махуэм градусыр 7 , жащым - градуси 6 хъунущ.

Мэлыжьыхьым и 24, тхьэмахуэ

♦ЩIалэгъуалэм я зэкъуэтныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦КъуэшзэрыщIа къалэхэм я дунейпсо махуэщ

♦1915 гъэм Уэсмэн пащтыхьыгъуэм ермэлыхэм ярищIыпlа генодицым хэкIуэдахэм я фэепlэ махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритыжькIэ, уэшх мащIэ къёшхынущ, махуэм градусыр 9, жащым градусыр 3 хуабэу щыIэнущ.

Мэлыжьыхьым и 25, блыщхьэ

♦ТехьэгъуэзэрыщIа щхьэнтэм и дунейпсо махуэщ

♦Чувашыбзэмрэмахуэщ

♦1945 гъэм Италием щытепщэу щыта фашизмым кIэ ираташ.

♦Португалиемщхьэхуитныныгъэмрэмахуэрщагъэлъапlэ.

♦Мэлыжьыхьым и 25-накъыгъэм и 6-хэм Нью-Йоркщызэхэтынущ ООН-м И нформацэмкIэ и комитетым и 33-нэ сессие.

♦1920 гъэм Налшык япэ медицинэ Iуэхущlапlэ кьыщызэIуахащ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритыжькIэ, уэшх мащIэ къёшхынущ. Хуабэу махуэм градусыр 9, жащым - градусыр 5 щыIэнущ.

Пlалэмэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iуащытэ:

Пэжым езым и гъуэгу хешыж.

● Къэрал къулыкъущIапlэхэм

Километри 9-м щIигъу

2008 - 2013 гъэхэм тещIыхьа «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Федеральнэ гъэзэгу агентствэмрэ зэращIыIаIащ республикэм и бюджетым мы илъэсым субсидиехэр хуэхэхыным тетхуа Зэгурыlуэныгъэ.

АБы IЭМАЛ псори къарет федеральнэ, республикэ бюджетым щыщу нэгъабэ къамыгъэсэбэпу кьэна сом мелуани 170-м щIигъур «Нартсанэ - Нарзанхэм я ауз - Джылы-Су - Iуащхьэмахуэ» автомобиль гъэзэгу ухуэным икIи зэгъэпэщыжыным пыщэным хуауэтIыпщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм я транспорт-хозяйствэ зэпыщIэныгъэхэр къызэзыгъэпэщыну, апхуэдэу минерал псы хущхьуэ кьэна сом мелуани 170-м щIигъур къыщIэжыпIэхэмрэ Iуащхьэмахуэ и ищхьэрэ джабэмрэ екIуэлIэну мы гъэгум щыщу километри 9-м щIигъу дыззрыт илъэсым ятын я мурадщ.

КъБР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● ЗэгурыIуэныгъэхэр

■ Зэгъущlэхэр ■ Тхыдэ ■ Абы щыгъапlейтей

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт кьыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

КIэрашэ Асльэн и зэфIэкI

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Нотариальнэ палатэр «Ильэсым и нотариус нэхьыдI» зэпеуэм ирихьэлIэжащ нэхьыдIыр ягъэбелджылащ. Псоми ефIэкIащ Шоджэн куей нотариальнэ округым и нотариус КIрашэ Асльэн.*

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, нэгъабэ я лэжьыгъэм къыркIуэхэм хэпlъэри, республикэм и нотариатым и лэжьакIуэ нэхьыфIхэм дамыгъэжри ираташ.

Мелуан 35-рэ хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Мэзым мафIэс щымыгъэIэным, апхуэдэ кьэхьэ хъужькIыхъэмэ я щагъэнкIыфIым папщIэ мафIэс-техникэ станц къырашэхуэ папщIэ федеральнэ бюджетым сом мелуан 35-рэ хуэхащ.*

АБЫКIЭ республикэм и мэз лэжьакIуэхэм кьыхуащэхунущ мэзыльэ щIыпlэ нэхь гугъуэхэм уэрыпсымкIэ мафIэсгъэункIыфI транспорт, мафIэсым зыщIыхъумэныкIэ кьуакIэхэр зэрыдавыкIын трактор, нэгъуэщIу зыхуеину иджыпрей Iэмэпсымэхэр.

Лэжьыгъэншэу кьэнэнкIэ зэрыхъунум егъэгъазэ

АБХЬАЗ. *ХФ-м и Зыхь умэжыныгъэмкIэ и министерствэм и санаторэу Сыхьуэ лэтIыр зэхуащIыжьынкIэ нкIи ящэнкIэ зэрыхъунум кьыкIыну, цIыху 1300-рэ лэжьапlэншэу кьэнэнкIэ хьунущ. Урыссейм зыкъыхуэмэжьынымкIэ и министрым и унафэм кьызэрыщыгъэльэгъуамкIэ, мы гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м а Iуэхущlапlэр зэхуащIыжьынущ.*

ЗЫГЪЭПСЭЖУПIэМ и лэжьыгъэр кьызэтегъэувыIэныжьмкIэ щхьэусыгъуэ ящIыр зэгъэпэщыжьынымкIэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэжьIэнымкIэ, Iыгъэпlейтейм теухуауэ IэнатIэм и лэжьакIуэ гупым и пlыкIуэкIэр Бэгъэпщ Сергей Iущlащ икIи Iуэхур зэхигъэкIыну ахэр кьиГъэгугъащ.

УЭРДОКIУЭ Женя.

● КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет

Редакцэм и унафэщI - Къэрэшей-Шэрджэсым и Къэрэшей-Черкесыем и Парламентым и депутат Мамий Руслан.

Редакцэм и къулыкъущIхэр: Къэрэшей-Шэрджэсым и Къэрэшей-Черкесыем и Парламентым и Информацэмкlэ и аналитикэмкlэ и отделым и унафэщI Тлотлокъуэ Заретэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и Къэрэшей-Черкесыем и Парламентым и Информацэмкlэ и аналитикэмкlэ и отделым и специалистхэр Iуэхущlапlэ Iуэхуфlэ Iуэхущlапlэ Iуэхуфlэ Iуэхущlапlэ Iуэхуфlэ

Урысейм и экономикэм дежкIэ Тырныауз къыпэхъун щыIэкъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

МЫ зэлуIэр зи жэрдэм **Варшавский Вадим** кIыхьэригъэльэгъуамкIэ, США-м, Китаймрэ, Япониемрэ, Урысеймрэ, Германиемрэ, нэгъэуцI къэралзызыужьахьэм вольфрамыр куэду къыщIагъэсэбэп. Дуней псом абы и гъэтIылыгъэу щыIэм и процент 64-р Китаймрэ хуоэрэ. Урысейм ар зэрыщыхъур процент 14-щ, Канадэм - 11-щ, США-м и проценти 4-щ. Къэрал Думэм и депутатым зэрыжиIамкIэ, вольфрамыр нэхъыбэ дыдэу кьыщыщIах Китаймрэ иужьрей илъэсхэм абы и уасэм кIэригъэхурэ, стратегие мыхьэнэшхуэ зиIэ а сырьем елэжь компаниехэр щIигъэтIылъхьэ щыгъуэ. Я гъэтIылъыгъэхэр кIэуахыщэу зэрещыкIыгъэ къыщыхъуэ, Китаймрэ и унафэщIхэм нэгъабэ гъэпсыгъуэ зэрыщIэр. Абы и фIыгъэкIэ, продукцэ хьэзырым и уасэм хэпщIыкIыу хэхъуэнущ, Iэнатlэщ-хэр кьыззIуахынущ, республикэм хэхъуэфI кьыгъэрыхьэнущ. Нэхъыщхьэращи, предприятэр зэпIэзэрыту лэжьэнущ, зыхьэхьуж дунейпсо уасэхэм я зэран кьекIынукъым.

Проектым щыубзыхуэ Iуэхугъуэхэр щыIэзэкрахьым кьагъэлъэгъуащ абы хэкъуэзуэ елэжьыжьым, егъэфIакIуэн зэрыуейр. Концепцэм юридическэ лъэныкъуэхэр, зэпеуэр кьыззрагъэпэщыну щыкIэр, кьыщIэхъпIэхэр лицензэ зэращынр, кIэрыхучбжьэрыхуэ хъумапIэм кьыпекIуэкI кIэнаегъэр хуэунэр щаухынр, нэгъуэщIхэри нэсу щыгъэбелджылакъым.

Арами, хьэщIэхэм кьыхагъэщащ гъунэ хьарзынэ ильэ зэрыхьуар икIи проектыр нэхъ псынщIэу гъэпсыгъэкIыным кьадзIэпыкъуну зэрыкъэзыгъэр.

Тырныауз бгы-щагъэбатэ комбинатыр егъэжьажьым Къэбэрдей-Балкъэрым и промышленностым и лъэщагъыр зэтегъэувэжьым тещIыхьауэ ягъэхъэзыра концепцэр Iуэхугъуэфlу зэрыщытыр, нэхъри ирагъэфIакIуэмэ, республикэм зэрызыдиужьынур. Ар зэпкрыхауэ кьытеуебыщ проектыр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

- Нэхъыщхьэращи, рудам фIагъ хьарзынэ иIэщ, езыр кьэтIэщащ, гъэтIылъыгъэу тонн мин 600-м щIигъу кьызэрыщIахьым хуэхъэзэрыр. Ди гидрометаллург заводыр, мылькушхуэ хамыльхьэу, технологиещIэм тету продукцэ кьыщIэзыгъэкI предприятэ зэрыIыгъ пхуэщIынущи, а Iэмалыр къэгъэсэбэпын хуейщ, - жиIащ абы.

Варшавский Вадим щIэупщIащ Тырныауз заводым и Iэмэпсымэхэр зэпкрыхьуурэ кьыдащу Къэрал Думэм зэрыщагъэхьыбархэм и пэжыпIэм. Президентым ар зи дщэрыльхъэм кьалэн ящищащ махуэ зыбжанэм къриубыдэу Iуэхур зэхэгъэкIыну. Отаров Къурмэн кьызэхуэсахэм гу льаригъэтащ предприятэмрэ кьалэмрэ хэхауэ электрокъарукIэ кьызэзыгъэпэщыну гидроэлектростанц мыин абы щаухэн зэрыхуейр.

Къэпсэльахэм кьыхагъэщащ рудар кьыщIэхьыри елэжьынри а зы щыпIэм зэуIуу щызэфIагъэкIыным мыхьэнэшхуэ зэрриIэр. Абы и фIыгъэкIэ, продукцэ хьэзырым и уасэм хэпщIыкIыу хэхъуэнущ, Iэнатlэщ-хэр кьызэIуахынущ, республикэм хэхъуэфI кьыгъэрыхьэнущ. Нэхъыщхьэращи, предприятэр зэпIэзэрыту лэжьэнущ, зыхьэхьуж дунейпсо уасэхэм я зэран кьекIынукъым.

Проектым щыубзыхуэ Iуэхугъуэхэр щыIэзэкрахьым кьагъэлъэгъуащ абы хэкъуэзуэ елэжьыжьым, егъэфIакIуэн зэрыуейр. Концепцэм юридическэ лъэныкъуэхэр, зэпеуэр кьыззрагъэпэщыну щыкIэр, кьыщIэхъпIэхэр лицензэ зэращынр, кIэрыхучбжьэрыхуэ хъумапIэм кьыпекIуэкI кIэнаегъэр хуэунэр щаухынр, нэгъуэщIхэри нэсу щыгъэбелджылакъым.

Арами, хьэщIэхэм кьыхагъэщащ гъунэ хьарзынэ ильэ зэрыхьуар икIи проектыр нэхъ псынщIэу гъэпсыгъэкIыным кьадзIэпыкъуну зэрыкъэзыгъэр.

Тырныауз бгы-щагъэбатэ комбинатыр егъэжьажьым Къэбэрдей-Балкъэрым и промышленностым и лъэщагъыр зэтегъэувэжьым тещIыхьауэ ягъэхъэзыра концепцэр Iуэхугъуэфlу зэрыщытыр, нэхъри ирагъэфIакIуэмэ, республикэм зэрызыдиужьынур. Ар зэпкрыхауэ кьытеуебыщ проектыр гъэзэщIэным Хэку зауэшхуэм хэлъудэхэм я бжыгъэр. Ауэ а лъэхъэжьм къэралми абы щыпсэухэми я дежкIэ нэхъыщхьэр Хэкур бийм емыгъэубыдынырт, а текIуэныгъэм сыт хуэдиз гъащIэ щIатауэ щытми. Жэщ-махуэ 1418-кIэ екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым щыхъэзэфIэкIащ нэмыцэ зэрыпIэхуаныкIуэхэр и щIыналъэм иригъэкъэбзыкIыжьын, абы кьыдэкIуэуи нэгъуэщI къэрал куэдми хуит кьищIыжьын. Араща накьыгъэм и 9-р къэралым и махуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщу кьыщIалъытэр.

Абыхэми, зауэм екьэлIа нэгъуэщI Iуэху куэдми щытепсэлъыхьащ Шэджэм районым иджыблагъэ щекIуэкIа зэхуэсым. Зауэм хэтахэм я куей зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Iэрыпщэ Борис зэIущIэм кьрихьэлIа дэтхэнэ зыри кьыхуриджащ ТекIуэныгъэм и махуэ лъапIэм теухуауэ екIуэкIыну Iуэхугъуэхэм жьджэру хэтыну.

- Республикэм накьыгъэм и 9-мрэ мэкьуауэгъуэм и 22-мрэ сыт щыгъуи дауэдапщэ хэхахэр щрагъэкIыжкI. А махуитIри ди щIыхуэм зэи ящыгъупщэнукъым, сыту жыпIэмэ, зауэр зыльэмыIэса зы унагъуи къэралым ибгъуэтэнкъым. Мы гъэмэ ТекIуэныгъэ Иным и махуэм егъэжьекIуэкIыну Iуэхугъуэхэр дыдэхэмрэ, - жиIащ куейм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ Аккобеков Искьэжь икIи зэIущIэм кьриIуэнIащ абыхэм зэпкрыхауэ яхутепсэльыхьащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, мы гъэми гулыпIэ нэхъыбэ хуащIынущ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы зи щхьэгъусэ хэкIуэдахэм. Апхуэдэу, ветеран зэгухьэныгъэм хэтхэм администрацэм зыхуагъэзащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я псэукIэр, я узынщагъэр зыхуэдэр кьапщытэну, ветеранхэм, зи щхьэгъусэ зауэм хэкIуэдахэм и нэIэ трагъэтыну, зыхуей-зыхуэ зыныкуэхэмкIэ, ахьшэкIэ, кьахуэмыщIэху хущхьуэхэмкIэ ядэIэпыкъуну.

ЗыгъэзащIэн хуейуэ я гъэхьэзырэ Iуэхугъуэхэм хэтщ 115-нэ лъэпкъ щуудзэм зэрихьа лIыхьужьыгъэм теухуа зэIущIэхэм хэтыну, дивизэм эпIэчэ гъуэгуанэм иригъэну.

ДЖЫЛАХЬСТЭН ТIутIэ.

●Шэджэм куей

Тхыдэм къыхэна махуитI

Мы гъэм ильэс 70 ирокъу фашист зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къызэрыгъэуэрэ. Дуней псом тепщэныгъэр щызыубыдыну зи мураду Гитлер и гупым ар кьемыгъэхьулIэным ди къэралым и щыхьэ мелуанхэм я псэр щIатащ. Абыхэм ящыщу хэти фронтым щыухкIащ, хэти гъэрэщхэм илIыхащ, зауэм кьихьа кьулейсызыгъэм ихьыжащ.

А ИЛЪЭСХЭМ ди къэралым хэщIыныгъэу кьыхуахьар мащIэкъым. Зэкъащта, ягъэсэ кьалэхэр, кьуажэхэр минкIэрэт кьызэрабжыр. Абыхэм дэта щэнхабзэ Iуэхугъэпхэр, ежьапIэхэр щIым щыщ ящыжат, уасэ зимыIэ тхыдэ фэепльхэу музейхэм щIэльхэм ящыщ куэд дыдэ Германием яшат.

Нобэр кьыздэсым и пэжыпIэр кьахуэгъэльагъуэркьым Хэку зауэшхуэм зэкIуэдахэм я бжыгъэр. Ауэ а лъэхъэжьм къэралми абы щыпсэухэми я дежкIэ нэхъыщхьэр Хэкур бийм емыгъэубыдынырт, а текIуэныгъэм сыт хуэдиз гъащIэ щIатауэ щытми. Жэщ-махуэ 1418-кIэ екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым щыхъэзэфIэкIащ нэмыцэ зэрыпIэхуаныкIуэхэр и щIыналъэм иригъэкъэбзыкIыжьын, абы кьыздэкIуэуи нэгъуэщI къэрал куэди хуит кьищIыжьын. Араща накьыгъэм и 9-р къэралым и махуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщу кьыщIалъытэр.

Абыхэми, зауэм екьэлIа нэгъуэщI Iуэху куэдми щытепсэлъыхьащ Шэджэм районым иджыблагъэ щекIуэкIа зэхуэсым. Зауэм хэтахэм я куей зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Iэрыпщэ Борис зэIущIэм кьрихьэлIа дэтхэнэ зыри кьыхуриджащ ТекIуэныгъэм и махуэ лъапIэм теухуауэ екIуэкIыну Iуэхугъуэхэм жьджэру хэтыну.

- Республикэм накьыгъэм и 9-мрэ мэкьуауэгъуэм и 22-мрэ сыт щыгъуи дауэдапщэ хэхахэр щрагъэкIыжкI. А махуитIри ди щIыхуэм зэи ящыгъупщэнукъым, сыту жыпIэмэ, зауэр зыльэмыIэса зы унагъуи къэралым ибгъуэтэнкъым. Мы гъэми ТекIуэныгъэ Иным и махуэм егъэжьекIуэкIыну Iуэхугъуэхэр дыдэхэмрэ, - жиIащ куейм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ Аккобеков Искьэжь икIи зэIущIэм кьриIуэнIащ абыхэм зэпкрыхауэ яхутепсэльыхьащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, мы гъэми гулыпIэ нэхъыбэ хуащIынущ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы зи щхьэгъусэ хэкIуэдахэм. Апхуэдэу, ветеран зэгухьэныгъэм хэтхэм администрацэм зыхуагъэзащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я псэукIэр, я узынщагъэр зыхуэдэр кьапщытэну, ветеранхэм, зи щхьэгъусэ зауэм хэкIуэдахэм и нэIэ трагъэтыну, зыхуей-зыхуэ зыныкуэхэмкIэ, ахьшэкIэ, кьахуэмыщIэху хущхьуэхэмкIэ ядэIэпыкъуну.

ЗыгъэзащIэн хуейуэ я гъэхьэзырэ Iуэхугъуэхэм хэтщ 115-нэ лъэпкъ щуудзэм зэрихьа лIыхьужьыгъэм теухуа зэIущIэхэм хэтыну, дивизэм эпIэчэ гъуэгуанэм иригъэну.

ДЖЫЛАХЬСТЭН ТIутIэ.

«ПсэупIэхэр» федеральнэ программэмрэ «УнигъащIэхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным» программэ гуэдзмрэ яикъ ягкIэ, псэупIэ кьраухуэн папщIэ, Налшык щыщ унагъуэ 43-м изгъабэ субсидиехэр иратащ.

ПСЭУПIЭХЭР тхьныкIэ, гуэшныныкIэ, уней щыныкIэ Iуэхугъапlэм зэрыщыжаIамкIэ, псэупIэр егъэфIакIуэным теуухуа программэм надышкдэс унэгъащIэу 950-м щIигъу хэтщ. КъБР-м Хуэныгъэмкlэ, архитектурэмрэ ЖКХ-мкIэ и министерствэм мы гъэм ирата заявкхэм унагъуэ 684-р хагъэхьащ. 2011-2015 гъэхэм тещIыхьа «УнигъащIэхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным» муниципальнэ программэм щIыпIэ бюджетым щыщу сом мелуани 10,3-рэ мы илъэсым халЬхьнущ.

- 2011 гъэм субсидие кьыIахьын папщIэ дапщэм тхьытхэр иратыным псом япэу зэлыптауэ щытынур федеральнэ мылькур зыхуэдизырщI, - кьигъэлъэгъуащ Iуэхущ-IапIэм и унафэщI **Кьанкъуа Алим.**

●Налшык къалэ

Метр зэбгъуэзнатIэ 11-м нэмысмэ

Социальнэ ахьшэр Налшык къалэ округым зы метр зэбгъуэзнатIэм уасэу хуитгъэвамрэ псори зэхэту и инагъкIэ псэупIэр зэрыхьумрэ тещIыхьауэ кьабж. Мы гъэм щIыхуищ зэрыс унагъуэм дежкIэ субсидиер сом 468720-рэ, щIыхупIэ щыпсэуи - 624960-рэ, щIыхуитхум тещIыхьар - сом 781200-рэ мэхьу. Псори зэхэту псэупIэм иубыдым абы щIэхэм ящыщ дэтхэну зыми кьыщIалъысыр метр зэбгъуэзнатIэ 11-м нэмысмэ, апхуэдэ унагъуэм и псэупIэр егъэфIакIуэн хуейуэ кьалъытэ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ-IапIэ.

●Мэлыжьыхьым и 23-р Тхьытлъым и дунейпсо махуэщ

ЦIыхум и ныбжьэгъу пэж

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЦIэныгъэм и лъахэм цIыхур хуэзыщэ, лIэщIыгъуэ куэд хуэауэ кьыздэгъэзыгурыкIуэ, дызыгъэпэж, ди чэнджэщэгъуфI тхьдым и махуэм теухуат абы дихьэххэм я зэгухьэныгъэм и унэм щыIэкIа зэхуэхьэ дахэр.

- ИДЖЫРЕЙ ныбжьыщIэкIэ Интернетым тхьылъым пэIущIэ ищIащ. ЦIэблэр литературэм драгъэхьэхьэн папщIэ кьаалэныщхуэ я щIэдэлъщ егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм. Библиотекэхэм кьызэрагъэпэщ зэхъыльхэр, тхьылъ гъэлъагъуэхэр, - жиIащ зэIущIэр кьызэIуэлъхьэ, зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье. Абы фIыщIэ яхуищIащ кьыхалъхьэ жэрдэмэхэр кьадэзыIыпIэ Iуэхущ-IапIэхэм, мылькIэ кьадэIэпыкъуэ хьэрычэтыщIэхэм.

КъыкIэльыкIуэу, псалъэ зратар КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщI УнащIэ Розэщ. Ар тепсэльыхьащ КъБР-м Тхылъым дихьэххэм я зэгухьэныгъэм зэфIигъэкI лэжьыгъэм.

- 2008 гъэ лъандэрэ сызиунафэщI библиотекэм епIанэу кьыIэрыщIэкIэ «Урыс классикэм и библиотекэщIэ» Iыхьэм щыщ тхылъхэр. Абыхэм я бжыгъэр 190-м нос. ЖьIапхъэщ университетым щеджэжэр абы зэрыдихьэхыр, гъэлъэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэми куэдрэ кьыззрыщыдгъэсэбэпыр. КьыхэзгъащIу сыхуейщ ар зи фIыщIэр КъБР-м Тхылъым дихьэххэм я зэгухьэныгъэр зэрыарар. Абы и къалэн нэхъыщхьэр тхылъым и пщIэр кьэIэтынымрэ щIалэгъуалэр абы лъегъэхьэхьэныныгъэщ. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ, гъэсэныгъэ зыхэлъ щIэблэ дыхуейфмэ, литературэм ахэр зэрыщIэтпIыкIыным иужь диргъэт. Тхылъыр зи Iэпэгъу, абы дихьэх щIалэгъуалэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, иджыри диIэщ. Нобэрей зэхьэхьэ «Университетская жизнь» газетым тхылъэхэр кьытрызогъадзэ, - жиIащ УанащIэм. Абы и жагъуэу и псалъэм кьыхигъэщащ зи гугъу ищIа зэгухьэныгъэм гулъытэ тэмэм зэримыгъуэтыр.

- Тхылъым дихьэххэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъум сегъэгъазэ. ЩIэнхабзэм, щIэныгъэм хуэхеи лъэпкъым кьэкIуэн иIэкъым, ар дахуэхынущ. Абы и лъэныкъэкIэ тхылъым кьалэныщхуэ егъэзащIэ. ЦIыху кьэс и щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ елъытащ лъэпкъым игъуэтыну зыужьыныгъэр, - жиIащ тхыдэтх Бейтыгъуэн Сэфарбий.

«Солнышко» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Накуэ Еленэ и фIэщ мэхьу мы зэманым тхылъым и пщIэр ехуэхами, ар зэрымыкIуэдыжьнур, абы и къарур зэрыиныр, цIыхум гулъытэ зэрримыгъуэтыр.

Тхылъым дихьэххэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъум сегъэгъазэ. ЩIэнхабзэм, щIэныгъэм хуэхеи лъэпкъым кьэкIуэн иIэкъым, ар дахуэхынущ. Абы и лъэныкъэкIэ тхылъым кьалэныщхуэ егъэзащIэ. ЦIыху кьэс и щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ елъытащ лъэпкъым игъуэтыну зыужьныгъэр, - жиIащ тхыдэтх Бейтыгъуэн Сэфарбий.

«Солнышко» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Накуэ Еленэ и фIэщ мэхьу мы зэманым тхылъым и пщIэр ехуэхами, ар зэрымыкIуэдыжьнур, абы и къарур зэрыиныр, цIыхум я хабзэмрэщ сызыщIапIыкIар, ауэ сощIэж си адэм кьыщхьиIэжа хьыбархэр. АдыгэлъэпсэщIэтыр ара гъэнщ псэхугъуэ кьыззэзымытыр, си адэжь кьуэпсэхэр кьэстIэщIыну сызеезыхуэр. Иджы апхуэдэ Iэмал зэрызгъуэтам сринасыпыфIэщ.

Вадстрем Фредерик Акъбащ ИщIхьэрэ кьуажэм щыIащ, нэхъыжьхъэм яхуэзащ, я гъащIэм, псэукIэм зыщигъэгъуэзащ, фэеплъхэр зригъэльэгъуащ. ФIэгъэщIэгъуэну ар епльащ IуэрыпIэтэдж цIэрыIуэ Къардэнгъуэщ Эырамыку и цIэр зэрихьэу кьызэрагъэпэща фестиваль-зэхьэзэхуэм и зы Iыхьэу Фредерик и хьэщIэгъуэм ирихьэлIэу Тэрч районым щекIуэкIам. Абы дискхэм тету Стокгольм зэдишащ зэIущIэм щыIуа адыгэ цIыхухэр уэрэдыжьхэр. Апхуэдэу зытекIуэка Iуэхум екьэлIауэ ар епсэльащ «Терек» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бесльэней Владимир. Хэгъэрейм и «Малая Кабарда», «Основные положения и принципы» «Адыгэ хабзэм тхылъхэр хьэщIэм тыгъэ хуищащ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, адыгэлъэ зыщIэт зыбед журналистым «здишэнущ» хэкужьым и хуабэр, и хэкуэгъу адыгэхэм я тхыдэр, я иджырей псэукIэр, я хьэщIэ гъэльэпIэкIэр яхуиIуэтэнущ.

КIУАНТIЭЗамирэ.

●Тэрч куей

Адэжь щIынальэм щохьэщIэ

Тэрч районым щыхьэщIащ Швед радиом Москва щиIэ къудамэм и шефкорреспондент Вадстрем Фредерик, Ар Стокгольм километр 200-кIэ пэжьжьэ Норшепинг къалэм къыщалъхуащ и анэр Шведе, и адэр XIX лIэщIыгъуэм хэкум ирагъэкIыу Тыркур псэупIэ зыхуэхьуауэ щыта щапсыгъэхэм я щIэблэм щыщ.

ВАДСТРЕМмызэ-мытIэу Санкт-Петербург, Москва къалэхэм щыIащ. Иджыпсту Швед радиом и Iуэхущ-IапIэ Москва дэтым ирищIыIа ещанэ зэгурыIуэныгъэм и пIалъэр иокIри, Стокгольм кIуэжынущ. Ди къэралым щыIэху Фредерик адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм кьызэхикIухьыну хуейщ, и адэр зыщыщ лъэпкъым и бзэр, и хабзэхэр, щэнхабзэр фIэгъэщIэгъэнщ. Дэ ттеухуа документальнэ проект игъэхьэзырыну журналистым ищIа жэрдэмыр Швед радиом кьыдеIыгъ.

- МащIэ дыдэщ адыгэхэм екьэлIауэ сщIэр, - жеIэ Фредерик. - Шведхэм я бзэмрэ я хабзэмрэщ сызыщIапIыкIар, ауэ сощIэж си адэм кьыщхьиIэжа хьыбархэр. АдыгэлъэпсэщIэтыр ара гъэнщ псэхугъуэ кьызэзымытыр, си адэжь кьуэпсэхэр кьэстIэщIыну сызеезыхуэр. Иджы апхуэдэ Iэмал зэрызгъуэтам сринасыпыфIэщ.

Вадстрем Фредерик Акъбащ ИщIхьэрэ кьуажэм щыIащ, нэхъыжьхъэм яхуэзащ, я гъащIэм, псэукIэм зыщигъэгъуэзащ, фэеплъхэр зригъэльэгъуащ. ФIэгъэщIэгъэну ар епльащ IуэрыпIэтэдж цIэрыIуэ Къардэнгъуэщ Эырамыку и цIэр зэрихьэу кьызэрагъэпэща фестиваль-зэхьэзэхуэм и зы Iыхьэу Фредерик и хьэщIэгъуэм ирихьэлIэу Тэрч районым щекIуэкIам. Абы дискхэм тету Стокгольм щIэльащ зэIущIэм щыIуа адыгэ цIыхухэр уэрэдыжьхэр. Апхуэдэу зытекIуэка Iуэхум екьэлIауэ ар епсэльащ «Терек» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бесльэней Владимир. Хэгъэрейм и «Малая Кабарда», «Основные положения и принципы» «Адыгэ хабзэм тхылъхэр хьэщIэм тыгъэ хуищащ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, адыгэлъэ зыщIэт зыбед журналистым «здишэнущ» хэкужьым и хуабэр, и хэкуэгъу адыгэхэм я тхыдэр, я иджырей псэукIэр, я хьэщIэ гъэльэпIэкIэр яхуиIуэтэнущ.

КIУАНТIЭЗамирэ.

●Лэскэн куей

Дымыгуэзэжын щхьэкIэ

Иджыблагъэ Лэскэн куей администрацэм щекIуэкIащ балигъ мыхъуахэм я хуитныгъэр хъумэнымкIэ комиссэм и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ комиссэм и унафэщI Бажэ Дотий.

- ДЫЗЫГЪЭПIЕЙТЕЙ, дызэгупсысыпхъэ Iуэху мыщхьэпэхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыIэщ. Абы и щIыхьэтщ нобэрей зэIущIэм кьыщцIэтIэту зи унафэ тщIын хуей Iуэхугъуэхэр. Ар, япэрдуэ, языныкъуэ сабийхэр школхэм емыкIуалIэу зэрыхьэулейрщ, етIуанэрдуэ, абыхэм дыгъуэгъуакIуэхэр зэрахэтырщ. КьищынэмыщIауэ, нобэрей школакIуэхэм ящыщ куэдым я дуней тетыкIэри зыхуэпэкIэри ди хабзэхэми, бзыпхъэми, напэми кьызэремызэгъыщ, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм кьыщIэтэ дэтхэнэ зы Iуэхури кьызэрымыкIуэу уэхэшГаплъэт. Дыгъуэныр, хьэулейныр хьэл зыхуэхъуэхэр я мыкъумыщIагъэхэм езыхулIэм, щIэблэм зи нэIэ ятетым хуейхэр абыхэм ятеплъэкъуакIэ щIэхъуам щхьэтечу тепсэлъыхьащ зэIущIэм кьрихьэлIахэр икIи апхуэдэ дяпэкIэ кьэмыгъэхъун папщIэ, ныбжьыщIэхэм зэрадэлэжьэн хуей Iэмалхэри яубзыхуащ.

- Иджы хуэдэ зэманым зы сабийми утеплъэкъукI хъункъым. Сэ кьызгуроIуэ школьм и унафэщIхэри, егъэджакIуэхэри, ада-анэхэри сабийжэм щхьэкIэ зэрыгуэвэр икIи дэ жытIэркьым еджапIэм кьемыкIуалIэхэр кьэфIыльхъуэу фыдэт жытIэу. Дызыхуейр зыщ - апхуэдэ кьызэрыхъумкIэ зыхуэфащэхэм и чэзум хъыбар евгъэщIэнырщ. Языныкъуэзэжьм мазэ, илъэс бжыгъэкIэ хъыбар щыдамыгъащIэ щыIэщ. Нобэ апхуэдэ зэманкъым. Дэтхэнэ зы сабийми гъэсэныгъэ еттын, щхьэрыуамэ гъуэгу захуэм тедгъэувэжьын хуейщ, иужькIэ псори дыныкъуэзэжьм щхьэкIэ, - жиIащ Бажэ Дотий.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

●Щэнхабзэ

«Си Кавказ»

Налшык администрацэм Егъэджэныгъэмкlэ и департаментым кьызэригъэпэщауэ ди республикэм и къалащхьэм щекIуэкIащ «Си Кавказ» фестивалым и етхуанэ зэIущIэр. Художественнэ творчествэм хуэхьауэ ар сабийхэрэ нобжьыщIэхэмрэ папщIэ кьызэрагъэпэщ.

ЛЪЭПКЪ зэмылIэужьыгъуэу 100-м щIигъу зэгурыIуэрэ зэдэIужу щыпсэу ди щIыналъэм и дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы и зы щапхъэщ Налшык и курыт еджапIэ №18-м и гъэсэн Раскатинэ Светланэ цыджан цыкIубэ уэрэдхэр гъэщIэгъуэныщэу зэригъэзэщIар. И къэфакIэр, и макьыр къэпщытакIуэ гупым гулыгтэнщэу кьигъэнакьым, зэхьэзэхуэм и «Цыхубэ уэрэд» Iыхьэм щытекIуэри араш.

Эстрадэ уэрэдхэр зыгъэзэщIакъэ я лъэ ящэ увыпIэр щызэдагуэшащ Паскарь Миланэрэ (гимназие №1) Балаев Ислъамэрэ (школ №11). КъэфакIуэ гуп нэхъыфIу кьалъытащ курыт еджапIэ №20-м и «Шагъдий» ансамблыр, Унэжокъуэ Заремэ зи унафэщIыр. Абы и къэфакIуэхэу Унэжокъуэхэ Исльамрэ Дисанэрэ зэгъусэу зэдагъэзэщIа къафэр фIы дыдэу кьайхъулIауэ кьалытащ. Зэхьэзэхуэр щекIуэкIа школ №28-м и еджакIуэхэр «Уи лъахэм фIыуэ ущыгъуэзэ?» акьыл жанхэм я зэпеуэми «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ джэгуакIэхэмрэ» Iыхьэми щытекIуащ.

Фестивалым и ещанэ Iыхьэ «Творчествэм и лэгъупыкъу» зыфIащам хьыхьу цIыхубэ Iэпщlэльапщlагъэхэм теухуауэ мастер-классхэр ирагъэкIуэкIащ Дагировэ Маринеттэрэ («Дыщэидэ», ГЦЭВД) Тхьэгъэлэдж Агнессэрэ («Арджэн», ГЦЭВД), нэгъуэщIхэми.

Фестивалым щытекIуахэми хэтахэми дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ, зэхьэзэхуэр щколхэм я къэфакIуэхэм, уэрэджыIакIуэхэм я концерткIэ зэхуащIыжащ.

БЕКУЗАР Юлие.

●Абы дегъэпIейтей

Чэнджэщ щхэпэхэр

КъБР-м Социальнэ зыужьыныгъэмрэ лажьыгъэмкIэ и министерствэм мэлыжьыхьым и 20-м, сыхьэти 9-м щыщIэдзауэ 18 хъуху «Iей къызыгъэхьэ сабийхэр» зыфIаща Iуэху щекIуэкIащ.

А МАХУЭМ зэпымыууэ лэжьа 8 800 200 66 07 телефоныр мэкъуаусгъуэ мазэ льандэрэ щыIэщ, ауэ ар Iуэху щхьэхуэу иджы япэу ди республикэм къыщыщызэрагъэпэщу аращ.

Къэпсэльаэм я упщIэхэм я хабзэмрэщ сызыщIапIыкIар, ауэ сощIэж си адэм кьыщхьиIэжа хьыбархэр. АдыгэлъэпсэщIэтыр ара гъэнщ псэхугъуэ кьызэзымытыр, си адэжь кьуэпсэхэр кьэстIэщIыну сызеезыхуэр. Иджы апхуэдэ Iэмал зэрызгъуэтам сринасыпыфIэщ.

Вадстрем Фредерик Акъбащ ИщIхьэрэ кьуажэм щыIащ, нэхъыжьхъэм яхуэзащ, я гъащIэм, псэукIэм зыщигъэгъуэзащ, фэеплъхэр зригъэльэгъуащ. ФIэгъэщIэгъэну ар епльащ IуэрыпIэтэдж цIэрыIуэ Къардэнгъуэщ Эырамыку и цIэр зэрихьэу кьызэрагъэпэща фестиваль-зэхьэзэхуэм и зы Iыхьэу Фредерик и хьэщIэгъуэм ирихьэлIэу Тэрч районым щекIуэкIам. Абы дискхэм тету Стокгольм щIэльащ зэIущIэм щыIуа адыгэ цIыхухэр уэрэдыжьхэр. Апхуэдэу зытекIуэка Iуэхум екьэлIауэ ар епсэльащ «Терек» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бесльэней Владимир. Хэгъэрейм и «Малая Кабарда», «Основные положения и принципы» «Адыгэ хабзэм тхылъхэр хьэщIэм тыгъэ хуищащ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, адыгэлъэ зыщIэт зыбед журналистым «здишэнущ» хэкужьым и хуабэр, и хэкуэгъу адыгэхэм я тхыдэр, я иджырей псэукIэр, я хьэщIэ гъэльэпIэкIэр яхуиIуэтэнущ.

КIУАНТIЭЗамирэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэпэщ щIыным, абыхэм щхьэантIагъэхэр щыхъэсэным хуэунэтIа мазитI лэжьыгъэ егъэкIуэкIыным и Iуэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мэлыжьыхьым и 7 *№104-ПП*

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэпэщ щIыным, абыхэм щхьэантIагъэхэр щыхъэсэным хуэунэтIа мазитI лэжьыгъэ егъэкIуэкIыным и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэщтэн мы Унафэм щыгъуэхуэ:

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэпэщ щIыным, абыхэм щхьэантIагъэхэр щыхъэсэным хуэунэтIа мазитI лэжьыгъэ егъэкIуэкIыным теухуа положенэр;

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэпэщ щIыным, абыхэм щхьэантIагъэхэр щыхъэсэным хуэунэтIа мазитI лэжьыгъэ зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну республикэ комиссэм хэтхэр.

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьыныкIэ и министерствэм (Пащты Б. С.) кьызэригъэпэщын хуейщ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэпэщ щIыным, абыхэм щхьэантIагъэхэр щыхъэсэным хуэунэтIа мазитI лэжьыгъэр зэрекIуэкIыкIэр хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм кьагъэльэгъэнэр.

3. Къару имыIэжу кьэлытэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу:

№60-ПП-м, «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэпэщ щIыным, абыхэм щхьэантIагъэхэр щыхъэсэным хуэунэтIа мазитI лэжьыгъэ егъэкIуэкIыным и Iуэхуэкlэ» 2008 гъэм гъатхэпэм и 8-м кьищтам;

№117-ПП-м, «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм гъатхэпэм и 8-м кьыдигъэкIа Унафэ №60-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэкlэ» 2009 гъэм накьыгъэм и 4-м кьищтам;

№57-ПП-м, «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм гъатхэпэм и 8-м кьыдигъэкIа Унафэ №60-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэкlэ» 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м кьищтам;

6. Мы Унафэр зэрагъэщIэм кI

Адыгэхэр я щхьэхуитыныгъэм зэрыІэзэуар

147

ЩІэдзапІэ

МЫ ТХЫГЪЭР дунейм кьыгъехьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуэрэ 2008 гъэм Кьэнжал зауэр зэриухэр илъэс 300 зэрырикъуар ди лъахэм зэрыщагъэльэпІар. Абы ирихьэлІэу Кьэнжал зауэрэ адыгэхэм мусльымэн диныр кьэзырагъэщэтрэ теухуауэ тхыгъэ мыкІыхь згъэхьэзырыну щІэздзат. Ауэ Іуэхур нэхъ гурыІуэгуэ хъун папщІэ, нэгъуэщІ гуэрхэм я щхьэфэ сиІэбащ, тхыгъэ мыкІыхьыр тхылъ хъуащ. Диныщ ІэкъэщІтэу е ар зыхьэужу мамыру тІысыкъ лъэпкъ псоми хуэмыдэу, мусльымэн диным адыгэхэм мыгъэгъэзэжу, кьыхуэзгъэщынуеблэмэ ІыкІыгъажэ кьыщыхъури щы Іэу икІи нобэр кьыздэсым абы кІэ иэкъым. Ар зи лажьэр, дауи, мусльымэн диныр кьыщэрагъэсэбэпарщ. Икіи XXI лэщІыгъуэм аргуэру ислъам фанатизмыр кьыру фыщІэхэм кьагъэсэбэныну зэрыхуІэкъуарэ...

Си Іэдакъэщіэкіыр тхыдэ тхылъкьым, ауэ зи гугъу тщІы Іуэрыгуэ Іуэгъуэ хъун папщІэ, тхыдэ напІэкІуэцІ куэд здэкІыжьи хуей хъуащ. Мусльымэн диныр зэрыщытым хуэдэу кьабзэу адыгэхэм кьыхахуэу щытатэу, Іуэхум зэІумыбз къаухэмыкІыкІу кьащтэнурэ, мамыру тІысыкьымухэт. Апхуэдэущ ар адыгэ пщыхэмрэ уэрхъэмрэ я нэхъыбэм кьызэращтар. Ауэ ди лъэпкъыр зыгъэлъэпэрэпар мусльымэн диныр кьыгъэзыхьахэм ар политикэ Іэмэпсымэу кьагъэсэбэпыну зэрыхэтащ.

XVIII лэщІыгъуэм икуэм ди лъахэм, абы и Іэгъуэлагъэхэм деж дунейм псом нэхъ лъэшу тета кьэралгъуищыр щыхэпэщІэуваУэ щытащ. Инджылыз кьэралгъуэр хуІэкъуэрт Ищхьэрэ хым кьэкІуалІэ и кхъухьхэм ильэпшыпхэр, Кьэфкьас Ищхьэрэмкіэ кіуэцІрыкІыу, Индием нэс зэрашэн гъуэгу ящыну. Иужькіэ я мурадыр яхъуэжами, Урыс-Кьэфкьас зауэр иухыкъ инджылызхэм я нэІэ трагъэкІакъым ди лъахэм. Тырку-Уэсмэн кьэралгъуэр хущІэкъурт политикэ Іэмалу мусльымэн диныр кьыгъэсэбэпурэ ди хэкур зыІэщІилъхьыну. Урыс пащтыхьхэр щыгъуэ ди щІыналъэм щекІуэкІ Іуэхухэм кьыхэІэбэ хъуат, кьрымхэмрэ тырку-уэрэс Іуэрыгуэ Іуэгъуэ ІэІэ теухуауэ яІэ гуращхэр кьыхэпиу дын мурадкІэ. Итіанэщ, я колониальнэ политикэм нэхъ зиужьа нэужьщ, Урыс-Кьэфкьас зауэм щыщІидзар. А зэманым, (1763 гъэм), Тыркуми Іуэрыгуэ ди лъахэр зыщІэлъхьэтэкъым, адыгэ пщыхэмрэ уэрхъэмрэ мусльымэн диныр кьэзыщІэ яхэтами. Абы и щхьэусыгъуэрэ тырку-хэр зэрыхуэйм хуэдэу адыгэхэм зэрыльэпкъыу мусльымэн диныр кьэзрамыщтарщ.

